

**Kesyon Paran Toujou ap Poze sou Kanè Lekòl Distrik Yo**

**K. 1 Nan mwa Avril ane pase, nou te resevwa yon kanè lekòl parèy ak sila-a. Ki diferans kanè sa-a genyen?**

**R. 1** Anplis rezilta tèst tou cho li bay ansanm ak nouvo enfòmasyon sou pwofesè, kanè lekòl ane sa-a genyen pi plis enfòmasyon toujou. Li bay espesyalman rezilta AYP pou chak ti gwoup elèv anndan lekòl nou-an, pa sèlman lekòl lan pou kont li. Kanè-a vini ak yon nouvo mezi, Endis Melanje sou Pèfòmans, ki genyen ladan li rezilta pou elèv andikape k'ap patisipe nan Lòt Pwogram Evalyasyon MCAS la. Li itilize lòt mezi tankou - lè timoun nan vini regilyèman lekòl ak kantite timoun ki diplome - pou li deside si lekòl lan te fè bon jan pwogrè pou lane-a osnon si li pa fè okenn pwogrè. Epitou, li rale mete deyò bon kalite enfòmasyon apati dosye enfòmasyon yo te kolekte nan mwa Desanm lane 2003-a nan tout leta-a.

Lane pase Depatman Edikasyon te toujou ap revize Sistèm Evalyasyon li an sou Pèfòmans Lekòl pou li te ka konfòme li ak nouvo règleman federal yo. Sa te vin fè yo rapòte rezilta AYP yo pou lekòl sèlman men pa pou ti gwoup elèv. Depatman-an pa te genyen nonplis sistèm teknik sou pye pou li te kolekte yon chay enfòmasyon sou pwofesè, kidonk li te apiye sou mezi apa pou kalite pwofesè nan tout leta-a. Ane sa-a, enfòmasyon sou kalite enfòmasyon pwofesè pral vini dirèkteman de chak lekòl ak chak distrik; epi apati chak distrik pou rive nan tout leta-a, pandan y'ap itilize menm fòm-a. Nouvo fòm sa-a va fasilite paran yo konpare enfòmasyon sou kalite pwofesè lekòl yo an ak lòt lekòl nan distrik yo an.

**K. 2 Seksyon sou kalifikasyon pwofesè fè yon diferans ant “pwofesè ki sètifye” ak “pwofesè ki kalifye nan wo nivo”. Kisa diferans sa-a vle di?**

**R. 2** “Pwofesè ki sètifye pou anseye” ak “pwofesè ki kalifye nan wo nivo” se de estanda diferan yo itilize pou dekri fòmasyon ak preparasyon pwofesè k'ap travay nan distrik la. Sètifikasyon-an chèche wè si yon pwofesè satisfè egzijans Masachosèts pou li mentni yon lisans pwofesè oswa pou li pa genyen li. Estanda “Kalifye nan wo nivo” chèche konnen si yon pwofesè genyen oswa pa genyen nan men li yon lisans leta Masachosèts epi si li demontre li konpetan nan matyè prensipal l'ap anseye-an.

Poutèt Masachosèts genyen kèk nan pi gwo estanda pou otorize pwofesè nan peyi-a anseye, pifò si se pa tout pwofesè nan distrik nou yo genyen sètifika, epi pifò, si se pa tout, kalifye nan wo nivo. Sila yo ki pa sètifye oswa ap travay sou eksepsyon Depatman Edikasyon Masachosèts la ba yo, oswa yo se ranplasan pwofesè pou lontan osnon yo se ranplasan pèmanan pwofesè. Sila yo ki poko pwouve yo konpetan nan matyè y'ap anseye yo, ap swiv kounyeya pwogram kou anplis pou yo satisfè nouvo estanda federal la. Sa ou va wè nan pousantaj ki parèt nan kanè lekòl la, se siy ki kantite jefò distrik nou an ak lekòl nou yo ap fè pou yo respekte delè sa-a.

**K. 3 Kijan mwen ka aprann si pwofesè timoun mwen-an kalifye nan wo nivo osnon si li pa kalifye?**

**R. 3** Estatistik sou pwofesè ki kalifye nan wo nivo pèmèt paran yo jete yon ti koutje chak lane sou chak lekòl epi sou jan tout pwofesè yo pare pou yo anseye toutbon nan matyè prensipal yo. Enfòmasyon sa-a ofri yon pwofil sou tout gwoup la. Li pa vize pou li siyale apa non pwofesè yo ni nivo klas. Men si paran yo vle konnen si pwofesè timoun yo-an satisfè estanda “pwofesè ki kalifye”, yo ka mande direktè jeneral la pou li bay enfòmasyon sila yo: (1) ki diplòm pwofesè-an genyen; (2) ki sètifika li genyen; (3) èske li satisfè kondisyon pwogram yo mande pwofesè k'ap anseye nan matyè prensipal yo. Tout pwofesè yo anplwaye aprè 8 Janvyè lane 2002 yo dwe kalifye nan wo nivo anvan yo koumanse travay. Tout pwofesè k'ap travay nan lekòl ou-an anvan 8 Janvyè lane 2002, dwe kalifye nan wo nivo anvan dat 30 Jen lane 2006.

**K. 4 Kisa mwen ka fè si pwofesè timoun mwen-an pa kalifye nan wo nivo?**

**R. 4** Lwa “*No Child Left Behind*” la mande pou tout pwofesè k'ap anseye nan yon matyè pou yo “kalifye nan wo nivo” anvan 30 Jen lane 2006. Antretan, pwofesè timoun ou-an ka ap pare pou li vin kalifye nan wo nivo, jan lalwa mande sa, menm si li pase anpil lane deja ap anseye trè byen. Si sa ta rive, ou ka mande ki mezi lekòl ou-an te pran pou li garanti tout pwofesè pral kalifye nan wo nivo anvan lane 2006. Chak lekòl dwe genyen yon plan sou pye pou li sèten tout pwofesè li yo kalifye nan wo nivo. Ka gen kèk ka kote

sependan, lekòl ou-a pa ka anplwaye pwofesè ki kalifye nan wo nivo nan sèten matyè paske pa gen ase pwofesè disponib. Sikonstans sa-a *pa* pral pèmèt ou mande yon lòt pwofesè oswa yon transfè nan yon lòt lekòl, men yo priye ou tanpri souple pou ou pote kole ak administratè lekòl la nan ede li rekrute pwofesè ki kalifye nan wo nivo anndan lekòl ou-an.

## **K. 5 Kisa sa vle di si yo deside lekòl mwen-an “bezwen amelyorasyon”?**

**R. 5** Yo egzije tout lekòl Ozetazini pou yo asire yo ke tout elèv “maton” nan lekti ak nan matematik anvan lane 2014. Pou reyalize objektif sa-a, yo espere lekòl yo va satisfè kèk objektif pèfòmans nan lekti ak nan matematik chak lane. Yo tabli objektif pèfòmans yo tou pou ti gwoup diferan anndan lekòl lan (pa egzanp, Nwa Ameriken, Panyòl, elèv ki andikape, ak elèv ki pa pale Angle etsetera). Lekòl ki bezwen amelyorasyon se sila yo ki pa te fè “bon jan pwogrè” (AYP) pandan de oswa twa lane youn dèyè lòt oswa nan matematik oubyen nan lekti. Lekòl ki bezwen amelyorasyon yo se sila yo tou ki pa te fè bon jan pwogrè (AYP) pou nenpòt nan ti gwoup li yo pandan de lane youn dèyè lòt.

## **K. 6 Èske “bon jan pwogrè chak lane” (AYP) depann sèlman de pèfòmans akademik lekòl lan?**

**R. 6** Non. Lekòl yo dwe, pandan y’ap satisfè egzijans akademik nan lekti ak nan matematik, satisfè tou kèk lòt obligasyon chak lane si yo dwe fè bon jan pwogrè (AYP). Pa egzanp, sa pa kont pou elèv yo pase chak lane objektif reyisit nan lekti ak nan matematik. **95%** omwen nan tout elèv yo dwe pase tès chak lane, epi si kantite elèv yo tonbe pi ba pase 95%, alòs yo ka deklare yon lekòl pa ap fè bon jan pwogrè (AYP). Nan ka sa-a, rezilta ki ba nan patisipasyon tès yo ka lakòz bon jan pwogrè (AYP) pa fèt.

Yo ka deklare tou lekòl pa ap fè bon jan pwogrè (AYP) si kantite elèv ki vin regilyèman lekòl, twò ba, oswa si kantite elèv k’ap diplome sot nan lekòl segondè twò ba. Vini lekòl regilyèman se yon detay enpòtan anpil nan amelyorasyon lekòl ki se youn nan premye rezon ki fè elèv yo souvan oswa reyisi oswa pa bay bon randman lekòl. Ak NCLB-a, sependan, vini lekòl se yon faktè ki enpòtan menm jan ak twa lòt yo.

Orezime, AYP baze sou kat (4) faktè: patisipasyon nan tès, elèv ki ale lekòl regilyèman, kantite elèv ki diplome, *epi* pèfòmans akademik.

## **K. 7 Kisa mwen ka fè si yo deklare lekòl mwen-an “bezwen amelyorasyon”?**

**R. 7** Lè yon lekòl pa te fè bon jan pwogrè AYP pandan de lane youn dèyè lòt, paran yo gen dwa pou yo transfere timoun yo-an nan yon lòt lekòl anndan distrik la ki ap fè bon jan pwogrè. Dwa pou chwazi yon nouvo lekòl anndan distrik lan se yon dwa NCLB garanti. Paran ki vle egzèsè dwa pou yo “chwazi”-a dwe kontakte reskonsab lekòl yo-a pou yo chèche konnen sa yo dwe fè pou yo transfere timoun yo an nan yon nouvo lekòl.

Lekòl ki pa te fè bon jan pwogrè (AYP) pandan twa lane youn dèyè lòt – anplis dwa yo bay paran pou yo chwazi yon nouvo lekòl – dwe ba yo tou yon chans pou yo gen aksè a “sèvis edikasyon anplis” pou timoun yo-an. Sèvis anplis yo – tankou bay leson prive – fèt pou bay elèv plis bourad pou yo ka metrize baz leson yo epi ede yo ratrape. Yo ka bay plis èd apre lekòl, pandan wikenn, oswa pandan vakans lekòl. Paran k’ap chache sèvis anplis sa yo dwe kontakte ankò reskonsab lekòl yo-a pou chèche konnen ki pwogram ki disponib epi ki kote yo dwe voye timoun yo-an al patisipe ladan yo.

## **K. 8 Kisa sa vle di si lekòl mwen-an dwe sibi “mezi koreksyon” pou li amelyore reyisit elèv?**

**R. 8** Yon lekòl ki bezwen “mezi koreksyon” se yon lekòl ki pa fè bon jan pwogrè (AYP) pandan kat lane youn dèyè lòt, pou nenpòt ki rezon nou sot diskite pi wo la yo. Sa ki fè yon lekòl bezwen “mezi koreksyon” se lè li dwe pran lòt mezi, anplis “chwazi” ak “sèvis anplis” pou li kraze tandans echèk la epi pou li fè bon jan pwogrè chak lane. Mezi sa yo ka kouvri chanjman nan pwogram yon lekòl, prepare lis, oswa règleman elèv. Mezi sa yo ka reyòganize direksyon lekòl la nan nonmen yon nouvo direktè oswa angaje lòt anplwaye enpòtan. Yo mande paran yo deklare lekòl yo bezwen mezi koreksyon pou yo chèche konnen ki mezi

amelyorasyon distrik la ap pran. Yon lekòl ki bezwen “mezi koreksyon” dwe pèmèt paran yo chwazi yon lòt lekòl oswa resevwa sèvis edikasyon anplis.

### **K. 9 Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Kanè Lekòl?**

**R. 9** Yo mande espesyalman paran k’ap chèche plis enfòmasyon sou Kanè Lekòl yo pou yo kontakte direktè lekòl yo-a, oswa konsilte sit Entènèt *No Child Left Behind* la nan [www.ed.gov/parents/academic/involve/nclbguide/parentsguide.pdf](http://www.ed.gov/parents/academic/involve/nclbguide/parentsguide.pdf). oswa ale wè enfòmasyon sou kanè lekòl yo sou sit Entènèt Depatman Edikasyon-an nan [www.doe.mass.edu/nclb/reportcard/default.html](http://www.doe.mass.edu/nclb/reportcard/default.html).